

Randolph Public Schools
"Building Tomorrow, Today"
"Bati Demen, Jodi a Menm"


RPS



Biwo Resous Imen
Sean Walsh, Direktè Resous Imen
Barbara McDonough, Asistan an Chèf HR

40 Highland Avenue
Randolph, MA 02368
(781) 961.7477
(781) 961.6294 Fakks
www.randolph.k12.ma.us

Thomas Anderson, Sipèntandan Lekòl yo
Dr. Angela Burke, Asistan Sipèntandan
Heather Geary, Direktè Sèvis ak Edikasyon Espesyalize
Tanya Holland, Direktè Enterimè Finans

Pou: Anplwaye Lekòl Piblik Randolph, Elèv & Fanmi
Soti nan men: Sean Walsh, Direktè Resous Imen 
Dat: 4 Me 2018
Sijè: Rechèch pou Sipèntandan Lekòl Piblik Randolph – Mizajou

Alo kominote RPS! Mwen swete nou tout te pase yon ane lekòl wololoy. Sa di pou kwè nou deja an me! Komite Lekòl (*School Committee*) yo te mande mwen pou m pataje enfòmasyon ki gen pou wè ak Sipèntandan Lekòl yo (*Superintendent of Schools*) pou toulede, pou yon tan kout, lòt ane, ak alavni.

Ane Lekòl 2017-18

Mwen kwè anpil nan nou konnen, Lekòl Piblik *New Bedford* te chwazi Sipèntandan nou gen kounye a pou vin pwochen Sipèntandan pa yo, apati premye jiyè 2018. Nan katran Sipèntandan Anderson fè nan Randolph la, sa debouche sou plizyè reyalizasyon nan distri a ak nan lekòl nou yo. Nan tout reyalizasyon sa ayo, sa ki te pi espesyal la, se lè an oktòb 2017 la, Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè nan *Massachusetts (Department of Elementary and Secondary Education)* te wete Lekòl Piblik Randolph yo anba estati "p ap pèfòme" sa a (*underperforming status*), apre yo fin pase yon deseni ak deziyasyon sa a. Sipèntandan Anderson ap kontinye mennen bak distri a rive jis 30 jen 2018 epi l ap disponib pou l asire yon tranzisyon lit-lit.

Ane Lekòl 2018-19 – Sipèntandan Enterimè

Komite Lekòl yo te deside anboche yon Sipèntandan Enterimè apati premye jiyè, 2018. Kounye a, nou nan pwosesis aksepte aplikasyon pou jis jou dènye delè a ki se 18 me 2018. Depatman Resous Imen (*Human Resources Department*) te mete sou pye yon Komite Triyaj (*Screening Committee*) ki gen ladan l anplwaye, paran, ak manb kominote a, pou fè entèviyou sa a yo pandan semenn 21 me a. Y ap soumèt yon lis semi-finalis bay Komite Lekòl yo, ki yo menm ap chwazi twa finalis pou patisipe nan entèviyou piblik. Kandida ki reyisi a ap pran fonksyon 1 jiyè 2018 (osinon pi bonè pou ka gen ase tan pou tranzisyon)

Ane Lekòl 2019-2020 & Alavni – Sipèntandan Lekòl yo

Komite Lekòl yo ap anboche epi travay ak yon fim pwofesyonèl ki fè rechèch pwofesyonèl. Se fim sa a ki pral fè yon rechèch devan-dèye okonplè pou jwenn yon Sipèntandan Lekòl pèmanan. Pwosesis sa a ap tanmen nan Sezon Otòn 2018 la epi l ap genyen plizyè opòtinite pou pran dizon ak kòmantè nan men tout lekòl ak pati ki enterese yo.

Pou plis enfòmasyon ak mizajou, tanpri souple vizite sit entènèt Rechèch Sipèntandan nou an nan http://www.randolph.k12.ma.us/about/superintendent_search.

Regleman Pa Gen Diskriminasyon

Lekòl Piblik Randolph (RPS) pa diskrimine sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (fi/gason), idantite seksyèl, andikap, laj, relijyon, osinon oryantasyon seksyèl nan enskripsyon oswa patisipasyon nan pwogram ak aktivite li yo. RPS pa tolere okenn fòm diskriminasyon, entimidasyon, menas, agresyon, presyon, kontrent ak/oswa asèlman ki ensilte diyite lòt moun lè zòt ap foure bouch nan libète yo genyen pou aprann ak travay.